



## Misyon nou ak Objektif nou

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè nan Vil New York (NYC Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) la pwoteje epi amelyore lavi ekonomik chak jou moun k ap viv New York yo pou kreye kominote k ap pwospere.

Si ou *achte* nan yon magazen, si w ap *travay nan yon magazen oswa si ou pwosede* yon antrepriz, DCWP gen enpak sou lavi w.

## Angajman nou genyen ak konsomatè nou yo

DCWP ap aplike lwa sou pwoteksyon konsomatè yo ak sou obtansyon lisans yo pou yo ka pwoteje w sou mache a.

Nou ofri pwogram gratis pou ede w fè plis bagay ak lajan w.

Ale sou [nyc.gov/dcwp](https://nyc.gov/dcwp) oswa rele **311** pou w:

- Jwenn konsèy
- Verifye si antrepriz ou a gen lisans
- Depoze yon Plent
- Jwenn konsèy gratis sou finansman
- Jwenn Preparasyon taks gratis

Lè w kontakte yo, ou pa oblije ba yo non w ak estat imigrasyon w pou w depoze yon plent. Sepandan, si w vle DCWP kontakte w, ou dwe bay non w ak adrès ou.



## Financial Empowerment Center

**Sant Otonomi Finansyè Vil New York** yo bay konsèy pwofesyonèl, finansye an pèsòn oubyen nan telefòn. Konseye yo pale plizyè lang. Sèvis yo sekirize epi konfidansyèl.

*Ou dwe gen 18 lane pou pi piti epi ou dwe ap viv oubyen ap travay nan NYC. Revni w ak estatiti imigrasyon w pa enpòtan.*



Rezève yon randevou:  
[nyc.gov/TalkMoney](https://nyc.gov/TalkMoney) | **311**



Trusted,  
Professional  
Filing

Ou ka kalifye pou sèvis **Preparasyon Taks Gratis Vil New York** yo, ki gen ladan deklarasyon anliy epi an pèsòn. Kèk sit entènèt ka ede w ak Nimewo Idantifikasyon Pèsònèl Kontribyab (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) la, benefis ki te fèt nan ane ki sot pase yo, oswa deklarasyon sou revni nan trimès yo si w se yon travayè endepandan.



Pou plis enfòmasyon konsènan sèvis yo epi ITIN:  
[nyc.gov/taxprep](https://nyc.gov/taxprep) | **311**



## Angajman nou genyen ak travayè yo

Si w ap travay nan NYC, ou gen dwa sa yo kèlkeswa estati imigrasyon w. Nan dwa DCWP ap aplike yo gen:

- Konje Sekirite ak Maladi Peye
- Chanjman Tanporè nan Orè yo
- Orè Previzib  
(*si w ap travay nan fasfoud oswa nan machandiz detaye*)
- Salè minimòm ak plis pwoteksyon pou moun k ap fè livrezon pou restoran yo  
(*si w ap travay pou yon aplikasyon*)

Si yon anplwayè oswa yon aplikasyon vyole lalwa, travayè yo nan tout dwa yo pou yo resevwa lajan.

Nou ofri pwogram medyasyon ak pwogram navigasyon gratis:

- **Pwogram Medyasyon Travayè Domestik**  
ede travayè domestik yo ak anplwayè ki bay moun travay lakay yo rezoud pwoblèm yo san yo pa bezwen al nan tribinal.
- **Pwogram Navigasyon**  
ede travayè endepandan ki pa t ko janm touche yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent: [nyc.gov/workers](https://nyc.gov/workers) | **311**

## Angajman nou genyen ak biznis yo

DCWP bay plis pase 45,000 antrepriz ak plis pase 40 endistri lisans. Nou bay sèvis anliy ki pa konplike ak resous gratis pou ede antrepriz yo konfòme yo ak lalwa.

Gras ak sèvis anliy DCWP yo, moun ki gen kont yo kapab:

- Aplike pou renouvle lisans yo
- Revize epi mete ajou enfòmasyon konsènan lisans la
- Gade enspeksyon ki pase yo
- Pwogram sèten enspeksyon sou balans ak gaz
- Peye amann yo ak frè yo
- Gade plent ki depoze kont antrepriz ou a
- Ak plis toujou!

Ale sou [nyc.gov/dcwp](https://nyc.gov/dcwp) pou w jwenn plis enfòmasyon.